## ÆГЪДАУБÆЛ ЦИ НÆ ИСАРАЗАЙ, Е ДÆМÆ ФÆСТÆМÆ ÆНÆГЪДАУÆЙ ÆРÆЗДÆХДЗÆНÆЙ!..



***Саади ШИРАЗИ, номдзуд рагон персайнаг поэт: «Æгæр мæстигæр ку уай, уæд адæмбæл тас æфтауис, дæ рæвдаундзийнадæн дæр бæрцæ ку нæ зонай, уæд дæ кадæ дæлæмæ хауй. Ма уо уотæ карз, æма куд исæнадæ уай, уæдта уæхæн фæлмæнзæрдæ дæр ма уо, æма дæмæ адæм исдзурдæндиуд куд исуонцæ...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№28 (1044) 2026 анзи 25 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## АДÆМИ ЦÆСТÆЙ ÆМЗУНД-ÆМУНАФФÆ ЦИ ГЪУДДАГБÆЛ ÆРÆНЦАЙА, Е РÆСТМÆ ИРÆЗУЙ!..

# «О, ци рохс дæ, Дзурди фарнæ...»



Къартæ ист æнцæ социалон хизæгтæй.

*БАБОЧИТИ Руслан*

### ДЗУРДИ ФАРНÆ

*О, ци хуарз дæ, Дзурди фарнæ,*
*Ци гъæздуг дæ, ци хъазар…*
*Цæмæннæ ’рцæуис мæ зармæ,*
*Хори цæстæ, хори гъар?..*

*О, ци рохс дæ, Дзурди фарнæ,*
*Ци федауцæ, ци аййев…*
*Ци хъал адтæй, ци, æ карни*
*Кæмæн исдæ сæйраг нерв…*

*О, ци ’стæн дæ, Дзурди фарнæ,*
*Раст цума дæ цъеуи цихт, –*
*Мæ ниллæг ивæрд ударнæ,*
*Мæ уæлæмæ ист тæрних…*

*О, фиддæлти Дзурди фарнæ,*
*Исхаттон дæмæ мæ реу, –*
*Цæттæ балийау мæ й’ арммæ,*
*Æрцæйуадзæ дæ къалеу…*

*О, Сæрмæтти Дзурди фарнæ,*
*О, Аланти дзурди ’здæх,*
*Цæй, ниууадзæ мин мæ дуармæ*
*Дæ хæтæл æма дæ бæх…*

**Бабочити Руслани финст аци æмдзæвгæ хумæтæги не ’ргъуди кодтан. Нæ газети айразмæ номери ниммухур кодтан, «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий паддзахадон æвзæгти тухххæй», зæгъгæ, закъони проект. Уой нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло барвиста Парламентмæ, æма уой фæдбæл æ финстæги бафæдзахста, цæмæй имæ дзиллонæй каст æрцæуа, адæм сæ гъудитæ æма фæндитæ зæгъонцæ – уотемæй закъон рауайдзæнæй æцæгæй фарнæхæссæг æма цардгъон.**

**Еци бафæдзæхстмæ гæсгæ мах мухуркæнуйнаг ан нæ газеткæсгути зæгъуйнæгтæ. Æма сæ уомæ фæрразæнгард кæнуни тухххæй ба абони мухур кæнæн еу æрмæг (4-5 фæрстæбæл).**

## САГЪÆССАГ ФАРСТА




### «ФÆЦÆНЦÆ ÆЗГЪÆРХОДТÆ ИЗГИ БУНИ...»

Уотæ кæддæр е ’мдзæвгитæй еуеми ниффинста номдзуд Александр Пушкин («Покроет шлемы ржа…»). Фал æй кæцæй зудта, рацæудзæнæй рæстæгутæ, æма еци изгæ нæ цардиуаги раргом уодзæнæй, недзамантæй ардæмæ азуймаг миуæй, æ ном – коррупци. Æма нин изгæхуæрд кæнуй нæ цардарæзти æндонддзийнадæ.

Уогæ еци миуæ нури фæззинд нæй – недзамантæй ардæмæ цардæфсесæй æлдареуæг кæнуй еугур паддзахæдти, еугур аллихузон æхсæнæдти дæр. Уомæ гæсгæ ба уотæ дæр дзурдæуй, гъома, æности дæргъи кæмæн неци бакодтонцæ, еци коррупци, æвæдзи, æнæмæлæт æй.

Æма æвдесæнæн æрхæссунцæ мæнæ ауæхæн историон хабар. Петр Фиццаг, дан, хъæбæр истингун æй, паддзахадон есбойнадæй давди æма ’й хæлæттаг кæнуни цаутæ æгæр ке исберæ ’нцæ, уой фæдбæл. Æма еци æведауцæдзийнадæн искæрон кæнуни тухххæй инæлар-прокурор Павел Ягужинскийæн байихæс кодта, цæмæй æ номæй бацæттæ кæна указ, кæцими амунд уа: уотид бæттæн балхæнуни аргъи бæрцæ си ести ка радава, е ауигъд æрцæуудзæнæй бæттæнбæл. Ягужинский хъæбæр тухстхузæй императорæн ку зæгъидæ: « Мæ цитгин паддзах! Уотæ дæ фæндуй, æма еунæгæй райзайай, дæ дæлбарæ лæггадæгæнгутæй фенæхай уай?.. Мах нæ еугур дæр давгæ кæнæн, æцæг еуетæ фулдæр, иннетæ ба минкъийдæр…» Петр Фиццаг ниссагъæси æй, уæдта бахудтæй æма загъта: «Цæй, уотæ фæууæд, даветæ идарддæр дæр…»

Хъæбæр зинтæй ни æруагæс кæнуй е, æма, Фидибæсти гъомусади сæрбæлтау удуæлдайæй ка архайдта, еци Петр Фиццаг уотæ уодæнсагæ загъд кодтайдæ паддзахади есбойнадæбæл зудæй хæлæфгæнгути тухххæй.

Коррупций нихмæ тох бæргæ цæуй æнæгъæнæ дуйней дæр… Фал – нерæнгæ бал æнæнтæстæй… Уой фæдбæл уой зæгъуйнаг ан, æма дæ дзæхæрай хъамил, кæрдæгутæ мехцохтæй ку кунæг кæнай, уæд си нæ фæййервæздзæнæ – гъæуй сæ кæрæй-кæронмæ бундзагъд кæнун.

Советон доги ба, цума, куд тох кодтонцæ еци хъилмай нихмæ? Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 6-7 фæрстæбæл.

## АРФИАГ ХЪÆППÆРЕС



# МУГГАГ ЦАРДИ НИФС ÆЙ!..

Рауагъдадæ «Респект» нæ республики зундгонд æй æ берæ зæрдæмæдзæугæ хъæппæрестæ æма арфиаг гъуддæгутæй. Уонæн сæ фулдæр ба æнцæ нæ мадтæлон æма нæ национ культури алæмæтдзийнадæ багъæуай кæнуни æма сæ идарддæри райрæзти сæрбæлтау.

Уомæн еума бæлвурд æвдесæн исæй е дæр, æма рауагъдадæ «Респект» райдæдта косун нæуæг проектбæл – цæттæ кæнуй киунугæ «2000 осетинских фамилий». Нерæнгæ бал æмбурдгонд цæунцæ Иристони муггæгти тухххæй æрмæгутæ. Æма уомæ гæсгæ ба ес курдиадæ, цæмæй еугур муггæгти минæвæрттæ дæр бадæттонцæ сæ муггæгти тухххæй, уæдта сæ цитгийнаг адæймæгути тухххæй бæлвурдгонд хабæрттæ. Бадæттун ба сæ гъæуй мæнæ ауæхæн адресбæл: **Дзæуæгигъæу, Маркуси гъæунгæ, 41а, телефон 8-918-821-01-21.**

Рауагъдадæ «Респект»-и аци хъæппæрес хъæбæр ахсгиаг æй. Уомæ гæсгæ ба нæ зæрдæ дарæн уобæл, æма ни алкедæр зæрдиагæй байархайдзæнæй, цæмæй аци киунугæ рауайа хуæрзцæттæ, медесгун, пайда æма фарнæхæссæг. Ма базийнадæ кæнетæ!

***Цæгат Иристони техникумтæ æма колледжи рауагъдонтæ дæттунцæ демонстрацион фæлваræн – нерæнгæ бал си 23 ахурадон уагæдонеми еци гъуддаг æнтæстгинæй исæнхæст кодтонцæ 3570 кизги æма лæхъуæни – фари хæццæ рабаргæй, е æй 160 адæймаги фулдæр. Æдеугурæй ба уæхæн фæлваræн раттун бафæндадтæй 3814 рауагъдонæй.***

ИДÆРДТÆМÆ НИСАНÆЙ ЦИ БАТАУАЙ, УОМÆЙ ХÆСТÆГМÆ МАЦИ БÆРКАД ÆРИНАЙÆ КÆНАЙ, УОМÆН УÆН НÆЙЙЕС!..


МАХЪОТИ Сослан







# ГЪÆУБÆСТÆ НÆУÆГДЗИЙНÆДТÆЙ ФЕДАУЙ

Куд нисангонд цæуй, уотемæй гъæуама хузæнонгонд æрцæуонцæ нæ республики æхсæрдæс ахурадон-гъомбæладон кустуати – цуппар æма инсæй скъолай, сувæллæнтти æхсæз рæвдауæндони æма астæуккаг профессионалон ахуради æхсæз объекти. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма ахурадон кустуæттæ айдагъ цалцæггонд ке нæ цæунцæ, фал ма сæ ефтонг ке кæнунцæ нуриккон гъæугæ ахурадон ефтонггæрзтæй. Еугур еци гъуддæгутæн сæ сæйрагдæр нисанеуæг æй, цæмæй алли сувæллон дæр, кæми цæруй, уой нæ нимайгæй, гъæуама ахур кæна нуриккон зæрдæмæдзæугæ уавæрти.

Аци фарстати фæдбæл куститæ сæмæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой æрæги Ирæфи районы муниципалон исконди сæргълæууæги ихæстæ æнхæстгæнæг **Махъоти Сослан** исбæлвурд кодта æ кустадон балций рæстæг.

Толдзгуни еумæйаг ахурадон скъолай цалцæггæнæн куститæ æнхæстгонд цæунцæ национ проект «Фæсевæд æма сувæллæнттæ»-йи фæлгæти. Æнхæст ба сæ кæнуй æнæнхæстбаргин æхсæнадæ «Строймонтаж». Æма син нерæнгæ бал минкъий нæ бантæстæй: пъолтæ баййивтонцæ, къæридортæ æма, еумæйагæй ци хатæнтæй пайда кæнунцæ, уоми еугур инженерон хизтæ. Нуртæккæ ахурадон къæбинеттæ хуарунцæ, аййев сæ кæнунцæ. Хæстæгдæр рæстæг бавналдзæнæнцæ азгъунсти æндаг фарс цалцæг кæнунмæ.

Уæлдай æргом Махъоти Сослан раздахта сабийти æдасдзийнадæ æма исонибони фарстатæмæ – етæ 'нцæ абони ахсгиагдæр. Куститæ гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ аци анзи 20 августмæ.

Идарддæр ма Махъой-фурт бабæрæг кодта, социалон ахедундзийнадæ кæмæн ес, уæхæн дууæ объекти – фельдшерон-акушерон пункт æма гъæуккаг культури Хæдзарæ, сæ абони уавæр æма бунæттон цæргутæн лæггæдтæ ци уавæрти кæнунцæ, уой исбæрæг кæнуни туххæй.

Махъой-фурт ма 'ркастæй Лескени гъæуи бундоронæй цалцæггонд ци рæвдауæндонæ цæуй, уомæ дæр. Ами куститæ барæгонд æнцæ æнæнхæстбаргин æхсæнадæ «Кайзер»-бæл, æнхæстгонд цæунцæ национ проект «Бийнонтæ»-йи фæлгæти.

Проектмæ гæсгæ азгъунст, зæгъун æнгъезуй, нæуæгæй арæзт цæуй: специалисттæ ин æ сæр æрæхгæдтонцæ, баййивтонцæ инженерон хизтæ, уой хæццæ электрон тухæй æфсадæн, гъаргæнæн, дони хæццæ баст системитæ, баййивтонцæ дуæрттæ æма къæрæзгитæ. Нуртæккæ куститæ цæунцæ азгъунсти медæгæй: хуарунцæ тугуртæ, фæрстæ. Мадта ма рæсугъдгонд цæунцæ тургъæ æма рæвдауæндонæмæ 'рбацæуæнтæ. Еугур куститæ дæр арæзт цæунцæ афойнадæбæл, æмгъудтæй фæстегæй нæ изайунцæ.

Куд нисангонд цæуй, уотемæй бундорон цалцæг гъæуама фæууа аци анзи ноябри кæронмæ.

Еумæйагæй райсгæй, уотæ зæгъун дæр æнгъезуй, æма районы гъæути фæлгонц дæр хуæздæр æрдæмæ æйййивд цæуй. Фæззиндтæй си, гъæути цæргутæ сæхуæдтæ ке равзарунцæ æма кæбæл исгъæлæс кæнунцæ, уæхæн нæуæг фæлладуадзæн бунæттæ. Национ проекттæ æма федералон программити бундорбæл арæзт цæунцæ, социалон ахедундзийнадæ кæмæн ес, уæхæн объекттæ. Уонæй дæр кæцидæрти бабæрæг кодта Махъой-фурт æ косæг балций рæстæг. Зæгъæн, Лескени цæугæдони сæрти хеди райарæзтадæ. Куститæ æнхæстгонд цæунцæ национ проект «Инфраструктурæ цардæн»-и фæлгæти. Аци объект ахсгиаг æй – уой сæрти цæуй, æ дæргъæ 88,5 километри кæмæн æй, еци над Дзæуæгигъæу-Æрæдон-Лескен.

Æнæнхæстбаргин æхсæнадæ «Асфальттрейд» нерæнгæ бал хеди фондз пролеттемæй исæвардта цуппар. Нуртæккæ идарддæр куст цæуй, ка ма байзадæй, еци хæйттæбæл, хедмæ дууердигæй бацæуæнтæбæл, уæдта блоктæ кæрæдзебæл бабæттунбæл архайунцæ.

Объект гъæуама исцæттæ уа 2027 анзи декабри райдайæнмæ. Проектмæ гæсгæ хед нæуæгæй арæзт цæуй: æййевунцæ ин, кæбæл лæууй, еци цæгиндзитæ, конструкцитæ, инженерон хизтæ, исæвæрдзæнæнцæ ибæл нуриккон уæлцъарæ æма ин æ алфамбулай банивæбæл кæндзæнæнцæ.

Нæуæг хед адæмæн «лæггадæ» кæндзæнæй дæсгай æнзтæ, республики цæргутæ æма иуазгутæ ибæл æдасæй æма æнæфидбилизæй цæудзæнæнцæ.

Еумæ райсгæй, кустадон балций рæстæг бæлвурдгонд æрцудæнцæ, районы гъæути хуæрзæрдæмæ æйййивддзийнæдтæ гъæугæ уагæбæл ке цæунцæ, е. Сæ ахедундзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонд æй, е ба бунæттон цæргутæй рæхги сæ цардиуаги зæрдæхцæуæн æйййивддзийнæдтæй баруагæс уодзæнæй.

***БУТАТИ Азæмæт***

ФИДИБÆСТÆ ЦИТГИН КÆНУЙ Æ ÆДЗАРД ÆХСАРГИН ТУГЪДОНТИ РОХС НÆМТТÆ...

# БÆГЪАТÆРТИ НАМУС – ÆНОСОН



**Мæздæги районы 7-аг астæуккаг ахурадон скъолай æрæги кадгин уавæри байгон кодтонцæ Уæрæсей Бæгъатæр Карен ШИШКИНИ циртдзæвæн. Е фæммард æй хуæрзæригонæй, нæудæсанздзудæй.**

Карен Владимири фурт Шишкин райгурдæй сахар Мæздæги 1975 анзи 14 июли. Ами каст фæцæй 7-аг астæуккаг еумæйагахурадон скъола, уæд имæ, 1993 анзи фæдздзурдтонцæ Уæрæсейаг æфсади рæнгъитæмæ. Е 'фсæддон ихæс æнхæст кодта Цæгат Кавкази æфсæддон зилди 693-аг гвардион мотоæхсæг полкки, кæци æрбунæттон æй Зæрæмæги. Аци полкки исконд 1994 анзи 1 феврали æндæр хузи райаразтонцæ æма иссæй Хонсар æфсæддон зилди 4-аг гвардион тугъдон базæ.

Не 'мзæнхон æфсæддон архайдта фиццаг цæцæйнаг тугъди 1994 анзи. Равдиста бæгъатæрдзийнадæ æма æхсарæ, Грозна байахæссунбæл сахари гъæунгти ци карз тугъдтитæ цудæй, уонæми. 1 январи тугъди рæстæг æ танк агъаз кодта мотоæхсæг хайæдтæн. Æзнæгтæ ин æ танк фехстонцæ, æма Карен уæззау цæф фæцæй. Фал уотемæй дæр æ нифс нæ расастæй, нæ ниууагъта æ тох бæгъатæр лæхъуæн. Æ сагъæстæ адтæнцæ æнæгъæнæй дæр е 'мбæлттæбæл, уонæбæл тухстæй. Бантæстæй ма ин æ саст хуæдтолгæ надæй еуварс ратæрун, цæмæй иннæ тугъдон хуæдтолгитæ ма хъор кодтайдæ, æма син размæ 'мпурсуни фадуат адтайдæ. Танк иссугъдæй. Карен уæззау цæфæй содзгæ танкæй куд рахизтæй, уотæ ибæл æзнаги снайпери нæмуг исæмбалдæй. Фескъудæй æ цард æригон тугъдонæн... Æфсæддон кадгин æгъдæуттæй ин фæстаг фæндараст зæгъгæй æй байвардтонцæ æ райгурæн сахар Мæздæги.

Карен Шишкин сæрмагонд ихæс æнхæстгæнгæй алæмæти бæгъатæрдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй ин Уæрæсей Федераций Президенти Указæй 1995 анзи 15 майи аккаггонд æрцудæй Уæрæсей Федераций Бæгъатæри ном (æ рамæлæти фæсте).

Æдзард æхсаргин тугъдонæн æ номерæн бюст байгон кæнуни фæдбæл кадгин æгъдаугонд бацæттæ кодтонцæ, Фидибæстæ гъæуайгæнгæй ка фæммард æй, уони бийнонти Еугуруæрæсеуон æхсæнадон организаций цæгатиристойнаг хайадæ æма Тугъдон æнсувæрадæ. Мадзали архайдта Бæгъатæри кæстæр æнсувæр Армен, тугъдон æзмæлдтити ветерантæ, дзилли æма сахари администраций минæвæрттæ, 4-аг æфсæддон бази æфсæддонтæ.

Карен ци скъолай ахур кодта, уой ахурдзаутæ сæхемæ райстонцæ æ циртмæ ин зелуни ихæс æма 'й рæстзæрдæй æнхæст кæнунцæ – еудадзугдæр æй хуæрзæфснайд, алкæддæр ибæл æвæрд фæууй нæуæгтунд деденгути баст.

Нæ адæммæ хумæтæги нæййес уæхæн загъд: «Бæгъатæртæн мæлæт нæййес...» Æма æцæгæйдæр уотæ ке 'й, уомæн æвдесæн æй, нæ дзиллæ куд имисунцæ, нæ Фидибæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, нæ еци æдзард бæгъатæрти, цитгинæй син куд æносон кæнунцæ сæ рохс нæмттæ. Æма Карен Шишкини рохс ном дæр æностæмæ цæрдзæнæй æ хеуæнтти, ка 'й зудта, уони æма æ тугъдон æмбæлтти зæрдити...

***ХЪОЙБАЙТИ Галинæ***

**Петр Фиццаг 1713 анзи 25 июли æ сæрмагонд Указæй иснисан кодта слестгæнæг канцеляри – комкоммæ императори дæлбарæ ка адтæй, уæхæн фиццаг паддзахадон оргæн. Æма еци бон Уæрæсей нимад цæуй слестгæнæг оргæнти косæги Бонбæл.**

*Рагон бердзейнаг дзурдарæхст лæг Эзопи баснитæй еу таурæхъ: «Еу æстонг робас сæнæфсери талабæл зæу-зæугæнгæ цопæлттæ ку рауидта, уæд сæмæ исхезунмæ бæргæ равзурста, фал ин си неци рауадæй. Æма уæд загъта: «Нерæнгæ ма цъæх æнцæ...» Адæм дæр гъе уотæ: еуæй-еуетæн сæ бон неци фæууй æма уæд, фадуæттæ мин нæййес, зæгъæ, ræуонæ ракæнунцæ...*



## УÆРÆСЕЙ ФЕДЕРАЦИЙ СОЦИАЛОН ФОНДИ ЦÆГАТИРИСТОЙНАГ ХАЙАДИ ПРЕСС-СЛУЖБÆ



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

# РÆВДУД БИЙНОНТÆ – ФИДИБÆСТÆН ФАРНÆХÆССÆГ

Евгъуд мæйи минкъий гъæуагæй фараст мин цæгатиристойнаг нииййерæги райстонцæ бийнонти феддонтæ. Аци гъуддаг исæнхæст кæнунæн Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ барвиста 205 миллион сомемæй фулдæр. Фиццаг июни ка райдæдта, курдиæттæ есуни еци фæткæ æнхæстгонд цæудзæнæй фиццаг октябри уæнгæ.

Нииййергутæ ке райсунцæ, еци феддонти бæрцæ аразгæ 'й, физикон еуæгти æфтуйагæй хъалон кæмæй банимайунцæ, еци æфтуйаги бæрцæй. Æртиндæс, кенæ уомæй фулдæр процентей бæрцæ хумæтæги ставкæмæ гæсгæ ке бауорамунцæ, еци хъалон нæуæгæй банимайунцæ 6 процентей бæрцæ льготон ставкæмæ гæсгæ. Райдайæн æма кæронбæттæн бæрци 'хсæн игъаугæдзийнадæ нииййерæгæн раттунцæ еурæстæгон феддони хузи.

– Адæймагмæ ес курдиадæ портал «Госуслуги»-й, Социалон фонди хайади клиентон службитæ æма берæкъабазгин центри фæрци барветуни барæ, – зæгъуйУæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади разамонæг **Милдзихти Аслан**. Документтæ исаразунæн ахиддæр багъæуй айдагъ курдиадæ, иннæ бæрæггæнæнтæ ба байагорунцæ ведомствити æмгустади фæткæмæ гæсгæ. Еу кенæ иннæ информаци паддзахадон информацион системити æвдист ку нæ фæууй, уæд адæймаги ихæс æй уæлæнхасæн бæрæггæнæнтæ комкоммæ уагæй бавдесун.

Фарæ физикон еуæгти æфтуйæгтæн æвæрд хъалон ка фиста, 18 анземæй кæстæр тæккæ минкъийдæр дууæ сувæллоней хæццæ (сувæллæнттæ кæд бонæй ахур кæнунцæ, уæдта – 23 анземæй кæстæр) алли косæг нииййерæгмæ (сувæллæнтти гъомбæл кæнунмæ райсæг адæймагмæ, евгеддармæ) ес феддонæн документтæ исаразуни барæ. Феддонæн документтæ аразæг, курдиадæ барветæг адæймаг æма сувæллæнттæ гъæуама уонцæ нæ бæсти еудадзуг цæрæг Уæрæсей граждæнтæ, нииййергутæ гъæуама официалон уагæй косонцæ æма фарæ физикон еуæгти æфтуйæгтæн æвæрд хъалон гъæуама бафистайуонцæ. Уой хæццæ бийнойнаги рæстæмбес æфтуйаги бæрцæ фарæ региони фæццæрунæн гъæугæ тæккæ минкъийдæр хæрзтæй (Цæгат Иристони – 23940 соми) 1,5 хаттемæй фулдæр гъæуама ма уа.

Архайæг фæткæмæ гæсгæ, дууæ косæг нииййерæгемæ дæр ес бийнонти феддонæн документтæ исаразуни барæ. Нииййергутæ кæд рахецæн æнцæ, уæд аци æууæл аразий дзуапп нæ раттунæн рæуонæбæл нимад нæ уодзæнæй. Алименттæй ихæстæ нæййес, зæгъгæ, уæхæн æууæл аци уавæри нимад уодзæнæй æнæмæнгæ банхæсткæнуйнагбæл. Алименттæй ихæс кæмæ ес, уæхæн адæймагæн бийнонти феддон нæ бафеддзæнæнцæ.

17 анземæй кæстæр сувæллæнттæн æма æнгъæлдзау силгоймæгтæн еумæйаг пособий хæццæ куд æй, уотæ бийнонти феддони фæдбæл барæ исбæлвурд кæнуни рæстæг дæр нимайунцæ бийнонти финансон æма есбони уавæр.

Агъази аци мадзалæй испайда кæнунцæ анзи дæргъи еу хатт, адæймаги ихæс æй агъази аци мадзали фæдбæл барæ алли анз дæр бавдесунæн.

Фарстатæ уæмæ кæд байзадæнцæ, уæд уæмæ ес 8-800-100-00-01 телефонæй Уæрæсей Социалон фонди еумæйаг контакт центрмæ лæвар бадзоруни барæ (Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади линий кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæни уæнгæ – 9.00 сахаттемæй 18.00 сахаттей уæнгæ, майрæнбони – 9.00 сахаттемæй 16.00 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ).

Нæуæг хабæрттæ еугуремæй раздæр цæмæй базонайтæ, уой туххæй уæхе ниффинсетæ Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади канали мессенджер Макси: https:\\max.ru\id1504029836 gos.

* * *

## УÆЛÆНХАСÆН ФÆЛЛАДУАДЗÆН БÆНТТÆ – НИИЙЕРГУТÆН

Косгæ ка кæнуй, еци нииййергутæ, евгеддартæ æма æстдæс анзей уæнгæ инвалид сувæллæнттæмæ цæстдаргутæн сæ бон æй мæйæ цуппар уæлæнхасæн фæлладуадзæн бони райсун. Уонæй испайда кæнун æнгъезуй дохтиртæмæ цæугæй, сувæллони æнæнездзийнадæ фæффедардæр кæнунæн, кенæ æндæр ахсгиаг мадзæлттæ исаразунæн.

Анзи фиццаг æрдæг Уæрæсей Социалон фонди республикон хайадæ уæлæнхасæн фæлладуадзæн бæнттæн æхца бафедунæн радех кодта 2,7 миллион соми.

Нииййергутæн сæ бон æй еци бæнттæ се 'хсæн байуарун, кенæ ба си сæ еу гъæуама испайда кæна. Уæхæн уæлæнхасæн отпускæн æхца фист цæуй рæстæмбес мизди бæрцæ.

Фæлладуадзæн бæнттæ инвалид сувæллони нииййергутæн сæ бон райсун æй кенæ фæд-фæди, кенæ ба сæхе фæндæмæ гæсгæ æндæр бæнтти. Уомæй уæлдай ма еци бæнттæ æнгъезуй анзи æрдæг æмбурд кæнун æма си испайда кæнун уæлæнхасæн кустæй бауолæфунæн. Анзи еци бæнтти нимæдзæ цуппар æма инсæйемæй фулдæр гъæуама ма уа (кустдæттæги хæццæ бадзубанди кæнгæй).

– Зæрдæбæл дарун гъæуй: пайдагонд ци бæнттæй не 'рцудæй, етæ иннæ къæлиндарон анзмæ хаст нæ цæуунцæ, æхца дæр син нæ дæттунцæ, – фæббæлвурд кодта Уæрæсей Социалон фонди республикон хайади разамонæг Милдзихти Аслан. Уæлæнхасæн фæлладуадзæн бæнттæ не 'нгъезуй радон отпускмæ бафтаун дæр, уотæ æнæ мизд бафедгæ отпуск æма æртæ анзей уæнгæ сувæллонмæ зелуни фæдбæл отпускмæ дæр.

Уæлæнхасæн фæлладуадзæн бæнттæ райсунæн нииййерæги ниффинсун гъæуй курдиадæ кустдæттæгмæ. Æ хæццæ ин бадæттун гъæуй дуккаг нииййерæги кустæй бæлвурдгæнæн гæгъæди пайдагонд уæлæнхасæн фæлладуадзæн бæнтти туххæй. Кæд нииййерæг аци анз æ кусти бунат раййивта, уæд еци бæлвурдгæнæн гæгъæди райсун гъæуй раздæри кусти бунатæй.

**Кæд ма уæмæ фарстатæ исæвзурдæй, уæд уæ бон алкæддæр лæвар бадзорун æй Уæрæсей Социалон фонди еугонд контакт-центри телефони уæхæн номерæй: 800-100-00-01. Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ косуй авдисæрæй цуппæрæни уæнгæ – 9.00-18.00, майрæнбони – 9.00-16.45.**

## ÆРГОМ ЗАГЪД ЦÆСГОНБÆЛ ИГАКÆ ÆФТАУЙ...



Цæгат Иристони адæмон поэт Дзасохти Музафер æ документалон уацау «Мæйи дæргъæн æнзтæ»-йи æримиста мæнæ ауæхæн цау.

Номдзуд æхсæнадон архайæг æма рохситауæг Зæнгиати Бæбу (1869-1937) ахургæнæгæй ку куста, уæд еу уроки еу ахурдзау, æ киндзи цæуни афонæ кæмæн æрбахæстæг æй, уомæн байихæс кодта, цæмæй къласи финсæн фæйнæгбæл еу рæнгъæбæл æй бацæун кæнгæй, ниффинстайдæ гъудиадæ: «Гали сиутæбæл рабадтæй биндзæ». Кизгæ ихæслæвæрд исæнхæст кæнунбæл зæрдиагæй бæргæ архайдта, фал ин гъудиади цуппæрæймаг дзурд еу рæнгъи нæбал бацудæй æма ахургæнæгмæ къæндзæстугæй дзоруй:

– Бæбу, «биндзæ» мин си нæбал бацудæй…

– Гæрр, æнæгъæнæ гал æд сиутæ кæми бацудæй, уоми биндзæ ба куд нæбал бацудæй?!

* * *

*Аци цаумæ гæсгæ куд нæ зæгъæн уой, æма нæ нуриккон цардарæзти гъуддæгутæ кæмæй аразгæ 'нцæ, етæ ци унаффитæ рахæссунцæ, уонæми хумæтæг адæми ирисхъæн хуæрзгæнæг ци фæууа, уæхæн уагæвæрдтæ цæмæдæр гæсгæ нæ бацæунцæ, ку бацæуонцæ, уæддæр листæгæй-листæгдæрæй финстæй æма сæ æстæфæг нæ разиннуй, уомæ гæсгæ ба – æнхæстгæнæг дæр.*



**Николай ГУБЕНКО (1941-2020), Уæрæсей Федераций адæмон артист: «Бæлах е æй, æма цардæй гъолтæй гъазæгау ка гъазуй, етæ мæгурти нæ уинунцæ. Адæм дууæ дехи фæцæнцæ æма цæунцæ хецæн тукæнттæмæ, сæхе дзæбæх кæнунцæ хецæн сæйгæдæнтти, сæ фæллад уадзунцæ хецæн фæлладуадзæнти…»**

* * *

Аци номдзуд лæг кæд абони цардæгас нæбал æй (рохсаг уæд…), уæддæр æ загъд ба нерæнгæ дæр ма бунати æй: бонгинтæн æнцон фадуат рауæнти – дзенети уавæртæ, тухамæлттæгæнæг адæмæн ба – фингесæггæгтæ… Уотæ гъолтæй гъазæгау ка цæруй, уони, паддзахади медæгæ рæстбæл цардиуагæ аразунæй комкоммæ ихæсгин ка 'й, етæ сæ куд не 'рфæрсунцæ: кæцæй уин æнцæ цардæй тъæппитæ хауни фадуæттæ…



**Максим ТОПИЛИН, Паддзахадон Думи экономикон фарстати фæдбæл Комитети сæрдар: «Куд зонетæ, уотемæй махмæ нæййес мæгур пенсиесугутæ. Уомæ гæсгæ ба некæми гъæуй паддзахадæй агъази феддонтæ есун, уой хæццæ ба ма нæуæг феддонтæ æвзурун кæнун…»**

* * *

Аци рæудзурдгæнагæ «адæми фæсдзæуин» цума кутемæй æрæстæфтæй, мæгур пенсиесгутæ нæмæ нæййес, зæгъгæ, уой? Уæрæсей раздæри Пенсион фонди правлений сæрдарæй (2020-2021) косгæй? Æви Паддзахадон Думæй идарддæр неци уинуй, æма уотæ æнгъæл æй, цума нæ бæсти еугур пенсиесгутæн дæр сæ пенситæ 'нцæ депутатти пенсити æмбæрцæ. Уони пенситæ ба 'нцæ сæ мизди 50-75 проценти – цал анзи фæууа депутат, уомæ гæсгæ (сæ мизд ба хъæртуй 400-650 мин сомей уæнгæ).

Куд уæмæ кæсуй, М. Топилини хузæнттæбæл пенсиесгутæ исгъæлæс кæндзæнæнцæ фæззæги Паддзахадон Думæмæ æвзурстити рæстæг?



**Андрей МАКАРОВ, Паддзахадон Думи депутат: «Æнæсæрфат миуæ 'й, коррупцимæ фæстæмæ ракæсæ-ракæсæ кæнгæй унаффитæ хæссун…»**

* * *

Еци азуймагмæ – коррупцимæ – ци фæстæмæ, ци размæ, ци ба алливæрстæмæ ку фæрракæсæбакæсæ кæнай, æ нихмæдзорæг цийфæнди унаффитæ рахæссæ-бахæссæ ку фæккæнай, уæддæр баруагæс уи уæд, нæ исцох уодзæнæй нæ цардиуагæй… Цалинмæ нæ исæскъуна бундзарæй, уæлдайдæр ба нæ хецаудзийнади уæлдæр рауæнти… Алцидæр уордигæй райдайуй – абони коррупционертæ тæккæ фулдæр уоми раргом унцæ…

**Дессаги æнахур бон бæрæггонд цæудзæнæй 26 июли – алцæй дæр кенæ нецæй Бон. Цума, ка 'й гъæуама бæрæг кæна?**

*Константин УШИНСКИЙ (1823-1871), номдзуд ахургæнæг, финсæг: «Адæми æвзаги рохс, райдзаст, рæсог æрфитæй айдагъ райгурæн æрдзæ нæ исæрттевуй, фал адæми уоди фарни истори æнæгъæнæй. Фæлтæртæ кæрæдзей фæдбæл рандæунцæ, фал алли фæлтæрæн дæр æ царди медес байзайуй æвзаги – сæ фæсте ка цæуй, уонæн бундайрадæн. Алли нæуæг фæлтæр дæр мадтæлон дзубандий хæзнадонæмæ бахæссуй æ зæрди æрфити ци бæркæдтæ исæвзуруй, историон цаутæ ци тиллæг раттунцæ, уони: зундирахаст, æруагæсгæнæнтæ,*

**ÆХСÆНАДÆН ÆНÆГЪÆНÆЙ ДÆР ÆМА ЕУГУР ДЗИЛЛÆН АХСГИАГ ГЪУДДАГ АРÆЗТÆУЙ ÆМВÆНДÆ-ÆМУНАФФÆЙ**

## ЗÆГЪЕТÆ УÆ ГЪУДИТÆ, УÆ ФÆНДИТÆ!..




Советом Парламента Республики Северная Осетия-Алания принято решение о направлении на общественную экспертизу проекта закона Республики Северная Осетия-Алания № 450-7 «О государственных языках Республики Северная Осетия-Алания».

Ознакомиться с содержанием законопроекта можно на официальном сайте Парламента Республики Северная Осетия-Алания в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет»: parlament.alania.gov.ru

Согласно части 1 статьи 4 Закона Республики Северная Осетия-Алания от 12.02.2014 г. № 3-РЗ «Об общественной экспертизе проектов законов Республики Северная Осетия-Алания» общественная экспертиза проектов законов Республики Северная Осетия-Алания может проводиться гражданами, достигшими возраста 18 лет, социально ориентированными некоммерческими организациями, зарегистрированными в установленном законом порядке и осуществляющими деятельность на территории Республики Северная Осетия-Алания.

**Предложения к проекту закона представляются до 15 сентября 2026 г. в письменной форме по адресу: 362038, РСО-Алания, г. Владикавказ, пл. Свободы, д. 1 или на адрес электронной почты: komitet-natz-pol@ mail.ru**

* * *

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Парламенти Совет рахаста унаффæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий закъони проект N450-7 «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий паддзахадон æвзæгти туххæй» æхсæнадон экспертизæмæ рарветуни туххæй.

Закъони проекти хæццæ базонгæ уæн ес информацион-телекоммуникацион хизæ «Интернет»-и Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Парламенти сайти: parlament/ alania.gov.ru

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий 12.02.2014 анзи №3-РЗ «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий закъонти проектти æхсæнадон экспертизи туххæй» Закъони 4-аг статьяй 1-аг хаймæ гæсгæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий закъони проекттæ экспертизæ кæнун сæ бон æй, 18 анзи кæбæл исæнхæст æй, еци граждæнтæн, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий территорий закъони æгъдаумæ гæсгæ регистрацигонд æма архайæг социалон æздæхт æнæкоммерцион организацитæн.

**Закъони проектмæ фæндитæ финстæй бахæссæн ес 2026 анзи 15 сентябри уæнгæ мæнæ ауæхæн адресбæл: РЦИ-Алани, Дзæуæгигъæу, Сæребари фæзæ, 1, кенæ электрон пости адресмæ: komitet-natz-pol@mail.ru**

**АДÆМИ ÆХСÆН ИСГЪОМБÆЛ УО, УОТЕМÆЙ БА АДÆМИ ГЪÆР МА БАЛÆДÆРÆ – Е ФУДÆВЕДАУЦÆ МИУÆ ÆЙ!..**

# ФИЦЦÆГТИ ФИЦЦАГ – МАДТÆЛОН ÆВЗАГ!

Закъон «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий паддзахадон æвзæгти туххæй»-и проекти фæдбæл дзубандий, æвæдзи, берæ аллихузон гъудитæ æма фæндитæ разиндзæнæй. Уомæ гæсгæ ба еугурей туххæй еу æрмæги зæгъунæн равгæ нæйес. Æма растдæр уодзæнæй хецæнтæй сæмæ æркæсун.

Махмæ гæсгæ, фиццагидæр æргом раздахун гъæуй, еци закъон гъæуама циуавæр уа, цæмæй æ фæрци нæ мадтæлон æвзаг цардгъонæй-цардгъондæр кæна, цæмæй нæ адæми абони æма иссонибони фæлтæртæн дæр табугондæй зæрдæмæхæсгæ уа, уомæ. Уой хинцгæй ба нæ еугурдæр, нæ мадтæлон æвзаг æцæгæй ахсгиаг кæмæн æй æма ин æ хиццагдæр ирисхъæбæл рæстуодæй ка тухсуй етæ гъæуама лæмбунæг æркæсæн закъони проектмæ æма нæ гъудитæ-фæндитæ зæгъæн.

Нæ абони дзубанди нæ мадтæлон æвзаги уавæрæй хуммæтæги нæ идайæн. Уой туххæй ма нæ газети нуриуæнгæ дæр мухургонд æрцудæй аллихузон æрмæгутæ. Уомæй уой зæгъуйнаг ан, æма нæ мадтæлон æвзаги уавæр фæстаг рæстæгути æгæр иссагъæссаг æй. Æма нерæнгæ дæр берæ цæмæйдæрти тухсун кæнуй. Нуртæккæ нин е ци уавæри æй æма имæ ци цæстингас дарæн, уой гъæугæ 'рдæмæ æвæстеуатæй ку нæ раййевæн, нæ уодварни хæзнатæн сæ сæйрагдæр ке 'й, уой зæрдæй дæр æма зундирахастæй дæр ку нæ балæдæрун кæнæн, фиццагидæр, нæхецæн æма 'й нæ дзиллæ аккаг хузи цитгин кæнун ку нæ райдайуонцæ, уæд ин, баруагæс уи уæд, ку си фенæхай уæн, уомæй тæссаг æй. Рацæуддзæнæй ма цалдæр фæлтæри, уæдта, æвæдзи, уотæ дæр рауайдзæнæй, æма нæ иссонибони кæстæртæ айдагъдæр музейти археологон хайæдти æрмæгутæй зондзæнæнцæ, кæддæр сæ адæмæн уæхæн уодварни хæзна – дигорон æма ирон æвзæгтæ – ке адтæй, уой. Уомæн æма син, дигорон-ирон адæми байзайæггæгтæн, сæ фидтæлтиккон, сæ тогæйхæстæг æвзаг æцæгæлон исуодзæнæй. Уой дæр мах, абони Иристони зæнхæбæл цæрæг дзилли фудæй. Уомæн æма абониккон мæнгæдзийнæдтæй нæхе ерхæфсгæй, нæ расагъæс кæнæн, адæм цæмæй ан æма иннæ адæмти 'хсæн цæмæй федауæн, уобæл нæ къох ракъуæргæй, нæ иссонибон фæсмойнаг нæ кæнæн?

Æма æностæмæ фæндараст уо, нæ мадтæлон æвзаг, зæгъгæ, фарста ке æвæрæн, уомæй ка 'й зонуй, кадæртæ уотæ дæр бакой кæндзæнæнцæ, гъома, æгæр æй нæ фæккарз кодтан. Нæ, æгириддæр си карзæй неци ес. Æма цæмæй еци тасдзийнадæ еуварсгонд æрцæуа, уомæ гæсгæ ба нæ байархайун гъæуй уобæл, цæмæй, мæнæ ци закъони кой кæнæн, е арæзт æрцæуа тæккæ гъæугæ дæр хузи, цæмæй æ ахедундзийнадæ бæрзонд уа абони дæр æма иссонибони дæр. Æма уобæл байархайунмæ уæ фæрразæнгард кæнуни туххæй ба дæнцæн æрхæссуйнаг ан нæ Иристони зундилæгтæй кедæрти гъудитæ æма нистауæнтæ.

### ÆВЗАГ ÆЙ АДÆМÆН Æ УОДИ ЦÆСТУИНГÆ СОРÆТ!..



Нæ адæми уодварни хæзнадзийнадæ исæнносон кæнуни сæрбæлтау æновудæй ка фæхъхъиамæт кодта, уонæй еу адтæй **Темурхъанти Гаврили фурт Сослан** (1881-1925), финсæг, этнограф, нæ мадтæлон æвзагбæл нæ адæми истори фиццаг исфæлдесæг. Æма нæ мадтæлон æвзаги алæмæтдзийнади туххæй берæ зæрдæбæлдаруйнаг гъудитæ загъта. Æримисæн си кæцидæрти. «*Рагæй-æрæгæмæ еумæ цæргæ ци адæм æрцудæнцæ, сæ цийнæ дæр, сæ гъигæ дæр еумæ ка 'рвиста, етæ царди уавæр æмхузон лæдæрунцæ, алцæмæ дæр еу цæстæй кæсунцæ, алцидæр еу барæнæй барунцæ, æма сæ куд лæдæрунцæ, уомæ гæсгæ арæзт æй се 'взаг, æма се 'взагбæл дзоргæй, хебарæй сæхе зундæй гъуди кæнунцæ.*

*Фал æцæгæлон æвзагбæл ка райдайуй дзорун, е, ке 'взагбæл дзоруй, уони цæстæй кæсуй алцæмæ дæр, æма хебæраги æхе зундæй гъуди кæнун æ бон нæй. Фал е 'уæнгти ке тог зелдох кæнуй, уони 'рдæмæ æ уод тундзуй æма дузæрдуг кæнуй, æ уоди хъауритæ фæйнердæмæ хуæцунцæ æма имæ нæ игуруй уæхæн фæндæ, лæги æдæрсгæй кæци архайун кæнуй, æхсарæ си ке фæрци æвзуруй.*

*Уæхæн лæг æхецæн дæр, æ адæмæн дæр ном искæнунгъон нæй, цалинмæ æ райгурæн*



*æвзагбæл нæ райдайа дзорун, цалинмæ адæми зунди сауæдонæй нæ бафсада æхе...»*

Гъе уотæ финста Темурхъани-фурт 1922 анзи æ уац «Зунд æма бархи»-й. Æма цæбæл расагъæс кæнæн мах, абони Иристони цæрæг дзиллæ, е си, мæнмæ гæсгæ, ес. Æ еци уаци Темурхъани-фурт уотæ дæр ма финста: «*Алли адæм дæр цард куд лæдæрунцæ, уой раргом кæнунцæ се 'взаги фæрци сæ аргъæутти, таурæхъти, кадæнгити, сæ зарти, æмбесæндти æма етæ 'нцæ сæхе зунди сауæдонæ. Етæ цæйбæрцæ гъæздугдæр æнцæ, цæйбæрцæ хуæздæр æвдесунцæ цард æ алли хузти, цæйбæрцæ хуæздæр æртасунцæ сау æма уорс, уой бæрцæ хуæздæр лæдæрун кæнунцæ царди адæмæн, уой бæрцæ ба адæм хъаурæгиндæр кæнунцæ. Адæми æведуйгæ зунди сауæдонæй кæци адæми фæсевæд ниуазунцæ сæ фагæ, етæ сахъ æма ездон фæуунцæ, æдæрсгæй архайунцæ, сæ уодæн нæ тæрсунцæ, æма сæ фæллойнæй, æхсарæй искæнунцæ сæ адæмæн ном.*

*Фал зундамонæг æма нифсдæттæг таурæхътæ æма кадæнгитæ кæци адæмæн ниуагътонцæ сæ фидтæлтæ, етæ еци зунди сауæдонæй ку не 'фсадонцæ сæ цæуæти, уæд се 'сæфт æрцудæй. Е æцæгæйдæр уотæ ке æй, е бæлвурд раргом æй рагон бердзени гъуддæгутæй.*

*Етæ таурæхътæ æма кадæнгитæй гъæздуг адтæнцæ, зундамонæг æма нифсдæттæг, фæсевæди рохсмæ разæнгардгæнгæй, æма цалинмæ бердзен сæ еци зунди сауæдонæй сæ цæуæти æфсастонцæ, уæдмæ сæ хъаурæ ирæзтæй, æнтæстæй син берæ. Сæ фæллойнæй исбæрзонд кодтонцæ сæ культурæ æма сæмæ исæвзурдæй устур ахурадæ, исæвзурдæй сæмæ Бæрзонд «аййевдзийнадæ» (искусство), гъома, уой æргъуди кæнуни æма уой искæнуни дæснийадæ, цæстæ кæсунæй цæмæ не 'фсæдуй, гъос – игъосунæй, æма зæрдæ цæмæй рохс кæнуй, рæсугъддзийнадæ ци уарзун кæнуй. Сæребарæй цæргæй, иурстонцæ сæ федауцæ цардиуагæ райгурæн бæстæн, æма сæ бартæ гъæуай кæнгæй сæ дæс мини знæгти сæдæ мини æмпурстонцæ, æма сæ еци фæлтæри устур гъуддæгутæ устур дессагæн байзадæнцæ, еугур адæмтæн нуриуæнгæ дæр ма. Фас, се 'намондæн, сæ ахургæндти астæу фæззиндтæй*



***зиндзийнæдтæ, цийнитæ. Еу дзурдæй, адæмæн сæ меддуйней цидæриддæр фæрнугадæ ес, уони хæдзардзинæй, цæстигагуй хузæн гъæуай кæнунцæ сæ мадтæлон дзурди. Æвзаг æй, евгъуди, абони æма исонибони фæлтæрти кæрæдзебæл æнгом ка бæттуй æма си еу агъазиау гъомусгин историон бауæр ка аразуй, уæхæн цардæгас тухæ. Е адæми айдагъ цæрæццаг нæ кæнуй – е æхуæдæг адæми цард æй, се ’вдадзи хуасæ. Адæмон æвзаг ку фесæфа, уæд адæмæн сæ муггаг исæскъундзæнæй.***

*уæхæнттæ, фидтæлти таурæхътæ æма кадæнгитæ ходæг æма нецæййаг кæмæ кастæнцæ, уонæмæ игъосгæй адæм дæр еци цæстæй райдæдтонцæ кæсун сæ таурæхътæмæ, сæ кадæнгитæмæ, ниууагътонцæ сæ иронхуати, сæ еци зунди сауæдонæй æнæ хай фæккодтонцæ сæ цæуæти.*

*Æма гъе уæд бердзен æрлæмæгъ æнцæ, сæ хъаурæ басастæй æма æдзæллаггæнгæй се ’знæгти къæхти буни бафтудæнцæ, сæ бæрзонд културæ фесавдæй».*

## УОТИД РÆСУГЪД ДЗУБАНДИТÆЙ НÆ, ФАЛ ГЪÆУГÆ ГЪУДДÆГУТÆ АРАЗГÆЙ!..

Хуцау нæ уæхæн бæлахæй багъæуай кæнæд, фал си, цума, бустæги æдас нæ ан, уотæ уæмæ нæ кæсуй? Уомæ гæсгæ ба нæ нæ исонибонбæл расагъæс кæнун гъæуй – уотид рæсугъд дзубандитæй нæ, фал гъæугæ гъуддæгутæ аразгæй! Мæскуйæй нин цитæ амонунцæ, етæ æнæмæнгæ æнхæстгæнгæ ’нцæ, фал уодварни хабæртти туххæй ба гъæуама мах дзурд æма фæндæмæ дæр, цит, æригъосæнтæ. Еугæр нæмæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Конституций нæ мадтæлон æвзаг ирон æма дигорон диалектти хузи нисангонд æй куд паддзахадон, уæд ин æ еци номмæ гæсгæ æ бартæ къаппæ-саппæ маке кæнæд, нæ адæми æвæндонæй.



Нæ аци загъди хецмæрездзийнадæй, баууæндетæ, æгириддæр неци ес. Æз уомæй æвдесун мæ аразидзийнадæ нæ дзилли рæстмæдзорæг адæймæгути хæццæ. Нæ мадтæлон æвзаги уавæр æма æ идарддæри ирисхъи фæдбæл хъæбæр тухстхузæй еци дзорæги фæдздзурдта æ сæрбæлтау хъазауатонæй архайæг, Цæгат Иристони адæмон поэт **Хъодзати Æхсарæ** (1937-2021). Сауæнгæ ма сæрмагондæй дæр рауагъта барæуадзæ киунугæ «Æмæ дзырд уыди Хуыцау…» Æ иннæ киунугæ «Æвзаг-нациийы фарн» дуйней рохс фæууидта, гъулæггагæн, æ фæсмæрдæ, æ бацæттæ кæнунбæл æма рауадзунбæл байархайдта æ кизгæ Хъодзати Иридæ.

Æ уацтæй еуеми (1993 анзи) Хъодзати Æхсарæ хъæбæр зæрдристæй финста: *«Не ’взаг цæмæ ’рцудæй, уомæн зæгъæн ес еу дзурдæй: къурцдзæвæнмæ, бæлахи уавæрмæ. Ервæзунæн зонун еунæг хуасæ: ирон æвзаг Иристони гъæуама исуа паддзахадон æвзаг. Нуртæккæ ци æрдæг мадзæлттæ аразæн, етæ устур агъаз фæуунцæ, е ми не ’руагæс кæнуй. Конституцимæ гæсгæ Цæгат Иристон нимад æй социалистон паддзахадæбæл. Ирæнттæ ба иннæ адæмтæй, фиццаги-фиццагдæр, се ’взагæй хецæн кæнунцæ. Æма еци ’взагæн æхе бæсти æ бартæ æлхъивд ку уонцæ, уæд е цæй паддзахадæ ’й! Зунд кæстæрæй хестæри сæрбæл куд нæй, уотæ адæмтæ дæр сæ бæрцæмæ гæсгæ нæ фæййахедунцæ, фал сæ хуарз менеугутæй. Мадта цума раст æй, зæгъæн, автономон æма цæдесон республикитæн æмхузон бартæ ке нæййес, е? Æрдзи рази нæ еугурдæр æмсæр ан. Минкъий киндзæн устур киндзæй минкъийдæр æгъдæуттæ нæ гъæуй. Уомæ гæсгæ ми федарæй æруагæс кæнуй: еугур республикитæ, национ облæсттæ æма хæйттæ дæр гъæуама цæронцæ еухузон уавæрти æма син уа еу разамонæг центр. Æма уæд цæйбæрцæ гъæздугдæр, æнгондæр уаййанæ! Еуемæй, кæрæдзей æвзæгтæ хуæздæр зонианæ, иннемæй ба културитæ хъæбæрдæр исирæзиуонцæ, исахедиуонцæ…».*

## ÆВЗАГИ КАРНÆ – ДЗИЛЛИ ЕУМÆЙАГ КАРНÆ

Куд Хъодзати Æхсарæ, уотæ ма нæ маддæлон æвзаги уавæри æма æ идарддæри ирисхъи фæдбæл еудадзугдæр еци тухстæй дзурдтонцæ æма нерæнгæ дæр дзорунцæ нæ иннæ исфæлдистадон косгутæн дæр сæ фулдæр, уæлдайдæр ба – финсгутæ. Уомæн æма, сæ царди сæ исфæлдистадон архайдæн сæйраг фæзуат æнæгъæнæй дæр мадтæлон æвзаг кæмæн æй, етæ ’й хуæздæр уинунцæ æма лæдæрунцæ, нæ кæстæртæн не ’взаг уодварнæ ку нæ уа æма ’й зæрдиагæй ку нæ уарзонцæ, уæд исонибони не ’взагбæл ка финса, нæ национ газеттæ æма журналти ка коса, уæхæн нæмæ нæбал уодзæнæй, нæбал нæмæ уодзæнæй национ публицистикæ æма литературæ, аййевадæ... Нур дæр еци уавæр хъæбæр зæрдæдзоргæ ку æй, уæд исонибони ба куд уодзæнæй…

Уой фæдбæл цал æма цал хатти райгъустæй нæ интеллигенций рæстзæрдæдæр минæвæртти фæдеси гъæр. Зæгъæн, 1996 анзи ноябри мухури фæрæзнити фæззиндтæй фæдздзурд республики Президентмæ (уæд республики разамонæг уотæ хундтæй), Парламентмæ, Хецауадæмæ, нæ еугур курдиадæ гъæуагæ ке нæ ’нцæ, уобæл нæ, фал æвзаги кæуйнаг уавæрбæл.

*Æ алли къахдзæф дæр хе уоди пайдайæн ка кæнуй, уæхæнттæ дзæвгарæ ес абони ирæнттæй, æма сæ койии аргъ дæр нæ ’нцæ, уомæн æма некæд лæдæрдтæнцæ ирон адæми уодигъæдæ, нæдæр æй балæдæрдзæнæнцæ. Етæ æргомæй фæззæгъунцæ: «Некебал раздахдзæнæй адæми сæ абони нæдтæй. Ке ма гъæуй ирон æвзаг ба?!.»*

*Æ тоги ма ирон гъомус кæмæн фицуй, уонæн ба цæрæн нæййес æнæ федæнбæл гъуди кæнгæй. Етæ гъæуама балæдæрун кæнонцæ сæ еузæрдиуон адæмæн абони катайаг уавæр.*

### КÆСТÆРÆЙ ХЕСТÆРБÆЛ УСТУРДÆР ИХÆС ЕС!..




**Цæгат Иристони адæмон артисткæ, Ирæйфи райони култури Галауани сувæллæнтти исфæлдистадон къуæртти аййевадон разамонæг Цæрикъати Римæ æновудæй архайуй нæ мадтæлон æвзаг багъæуай кæнуни æма æ идарддæри райрæзти сæрбæлтау. Уой фæдбæл æрæги бабæй исаразта еума зæрдæмæдзæугæ гъуддаг. Е ’ригон гъомбæлкæнуйнæгти хæццæ æрзилдæнцæ Чиколай æма цалдæр гъæуей гъæунгти, уоми цæргутæн кастæнцæ нæ финсгути æмдзæвгитæ, иурстонцæ газет «Дигорæ» æма журнал «Ирæф». Еци мадзал идарддæр арæзт цæудзæнæй**

адæммæ дæр. Уоми уотæ загъд адтæй: «*Нæ фидтæлтæ æности дæргъи сæ еу къохи косæндзаумау хастонцæ, иннеми – тохæндзаумау, уотемæй берæ фæлтæртæн багъæуай кодтонцæ ирон фарни хæзнатæ, аййев æвзаг, цъухæйдзоргæ гъæздуг исфæлдистадæ, уодварни хæрзтæ, кæдзос цæсгон æма æфсарæ. Уæди дзаманти нæдæр финсун зудтонцæ, нæдæр киунуги кæсун. Исæфти, цагъди кодтонцæ хæтгæ-хуæцгæнезтæй, знаги карди æма фати цæфтæй, æма уоййадæбæл Ири дзиллитæ цæйбæрцæ кунæгдæрмæ цудæнцæ, уой бæрцæ зæрдиагдæрæй ауодудтонцæ нæ адæми хæзнатæбæл, уой бæрцæ кæдзосдæрæй игъустæй ирон дзурд.*

*Абони ирæнттæ ахури уагæй цæйбæрцæ æнхæстдæр æнцæ сæ рагфидтæлтæй, уой бæрцæ минкъийдæр ауодунцæ фидтæлти бунтæбæл – хæзнатæбæл, æма уой фудæй цæмæти æрцудан, уони уинæн. Ирон адæми нимæдзæ нуртæккæ æй миллиони æмбесæй берæ фулдæр. Уонæй дзæвгарæ цæруй Уæрæсей алли кæрæнтти æма фæсарæнти, æма син, ка ’й зонуй, ести рæуонæ ес мадтæлон æвзаг нæ зонунæн. Фал Иристони цæрæг ирæнттæн ба ци рæуонæ иссерæн?*

*Ахургæндти нимадмæ гæсгæ, нуртæккæ Иристони цæрæг ирон адæмæн айдагъ сæ аст процентти зонунцæ ирон æвзаг. Дзоргæ ибæл, ке зæгъун æй гъæуй, фулдæр адæм кæнунцæ, фал ахуради домæнтæмæ гæсгæ, æвзаг ка зонуй, уонæбæл нимад æнцæ, кæсгæ æма финсгæ ибæл ка кæнуй, айдагъ етæ. Уæдта ’й фулдæр адæм зонгæ дæр куд гъæуама кæнонцæ, кæд æма ирæзгæ сабийти хæццæ дзубанди иронау нæдæр бийнонти астæу фæууй, нæдæр сувæллæнтти рæвдауæндæнтти æма скъолати. Сауæнгæ ирон æвзаг æма литератури урокти дæр ахургæнгутæ архайунцæ сувæллæнтти хæццæ уруссагау дзорунбæл!*

*Республики фæсевæди комитет исаразта, дæс æма инсæй анзей уæнгæ кæбæл цæуй, уæхæн æригон финсгути конкурс. Архайдтонцæ си дууинсæй авторемæй фулдæр. Дзæвгарæ си разиндтæй журналти рауадзуни æма киунугутæмæ бахæссуни аккаг радзурдтæ æма æмдзæвгитæ. Фал си еунæг дæр иронау финст нæй, уотемæй ба автортæн сæ фулдæр ирæнттæ ’нцæ. Аци хабар бæлвурдæй дзорæг æй, нæ фæсевæд ис«Ескæци æвзаг ку рамæла, уæд адæмæн сæхецæн дæр æнæ рамæлæн нæййес», – финсуй Ири пахампар Абайти Васо.*

*Нуртæккæ дуйней адæмтæ дзорунцæ æхсæз мин æвзагебæл. Уонæй XXI æноси кæронмæ, ахургæндти нимадмæ гæсгæ, байзайдзæнæй айдагъ æхсæзсæдæ, иннетæ ратайдзæнæнцæ, фесæфдзæнæнцæ. Æвæдæй ка фесæфдзæнæй, еци æвзæгти халæ цæмæй ма рахуæрæн, уой туххæй æвæстеуатæй бакæнун гъæуй цалдæр гъуддаги...»*

Нæ финсгутæ сæ еци фæдздзурди ци æнæмæнгæ исаразуйнаг гъуддæгути кой кæнунцæ, уонæбæл фæстæдæр бæлвурддæрæй дзордзинан, абони ба мæ фæндуй, мадтæлон æвзаг аккаг хузи нæ цитгин кæнун æма ’й дæхецæй еуварс кæнун ци фæсмойнаг фæстеугутæ расайуй, уомæн ма еу æвдесæн æрхæссун. Цæгатиристойнаг мухури фæрæзнити еу рæстæги фæззиндтæй не ’мбæстон, Турки цæрæг ирон лæг **Сæбæтхъуати Рамазани** уац, кæцими зæгъуй, абони дæр нин расагъæс кæнун кæбæл æнгъезуй, уæхæн гъудитæ. Е финста: *«Æз дæн Турки ирæнттæй, нæ бæстæй бафтуйæг фидтæлтæн сæ фæндзæймаг фæлтæрæй. Нур ма зонæн нæ мадтæлон æвзаг, уомæн æма мах, ирон адæм, нæ мадтæлти берæ уарзæн. «Цæмæн уотæ зæгъис, æ мади ка нæ уарзуй?» – ку бафæрсайтæ, уæд дзуапп ратдзæнæн: берæ бæститæбæл фæззилдтæн æма фæууидтон, æ нииййерæги ка нæ уарзуй, æ мади хæдзарæмæ ка нæ уадзуй, уæхæн адæймæгути. Фал æз нæма фæууидтон æма нæ фегъустон – «Мæнæ аци ирон æ мади æ хæдзарæй ратардта!» – кенæ ба – «Æ мадæмæ нæ дзоруй!» Уой туххæй æма махæн нæ мадтæлтæ хъазар æнцæ. Ци нин байамонунцæ, уомæй нæ фулдæртæ нæ рахезунцæ, сæ дзурд син сæ къæхти буни нæ фæккæнунцæ.*

*Мадтæлти амонуйнæгтæй еу æй нæ мадтæлон æвзаг, æма ’й цæмæн кæнæн нæ къæхти буни? Цæмæннæ ибæл дзорæн? «Културни» ан, æма уомæн. Мæнмæ гæсгæ, мадтæлон æвзаг ка зонуй, ка ибæл дзоруй, културон етæ ’нцæ.*

*Кæмифæнди ку цæрæн, уæддæр махæн, ирæнттæн, нæ карнæ æй дууæ æвзагебæл дзорун: нæхе æвзаг æма, ци адæми ’хсæн цæрæн, еци адæми æвзаг зонун, æма ма никки – æндæр æвзæгтæ дæр. Иронау хуарз зонæ, инней – лæгъуз, кенæ иннæ æвзаг – хуарз зонæ, иронау – лæгъуз... Е – нæ! Кæд æма мах еци дууæ æвзагебæл кенæ фулдæр æвзæгтæбæл хуарз базонæн, уæд æз зæгъдзæнæн, културон ан, зæгъгæ.*

*Уæхæн æмбесонд уин радзорон. Мæнæ нæ фидтæлтæ Туркмæ ку цудæнцæ, уæд, куд зонетæ, уотемæй кæсæг æма берæ æндæр кавказаг адæмихæттитæ дæр рафтудæнцæ уордæмæ. Уонæй адтæнцæ убыхты («убик»-тæ) дæр. Некебал си байзадæй Кавкази зæнхæбæл, уомæн æма сæ паддзах Никъала сæ Фидибæстæй тæргæ кодта, Турки султан ба сæ – хонгæ. Турки ку æрцардæнцæ, уæд загътонцæ: «Мах талингæ адæм ан. Исуæн културон адæм!..» Фал – куд? Рагъуди кодтонцæ, æма сæмæ хуæздæр фæккастæй турккагау дзорун, сæхе мадтæлон æвзагбæл ба нæбал дзорун... Цæруй си беретæ, фал хе æвзагбæл дзорæг ба нæбал байзадæй.*

*Мæнæн мæ бон нæй сумахæн зунд амонун, æз дæн æцæгæлон бæстаг. Мæнæ – мæ гъуди, мæнæ – ме ’мбесонд. Барæ – уæхе.*

*Мæ мадтæлон æвзаг базудтон, фиццагидæр, мæ мадæй. Гъæуама ’й игъосгæ рацæуæн нииййерæгæй...»*



Нæ мадтæлон æвзаги ирисхъæбæл дзоргæй, æнæмæнгæ æримисун гъæуй, тогхæстæг ка нæ адтæй, уотемæй ба нæ адæмæн берæ удварнон хуæрзти ка бацудæй, уони зæгъуйнæгтæ дæр. Номдзуд ахургонд, Кавкази цæрæг адæмти æвзæгтæ æма културæ æртасæг **Петр Услар** æ зундгонд куст «О распространении грамотности среди горцев», зæгъгæ, уоми финста: *«Еци æвзæгтæ (гъома, кавказаг адæмти æвзæгтæ – ред.) уадзгæ нæ ’нцæ, уомæн æма нерæнгæ ма хъæбæр берæ æности цæрдзæнæнцæ. Мин анзей дæргъи араббæгтæ Дагестани хецауеуæг кодтонцæ, фал еци бæсти адæмти æвзæгтæ абони дæр ма æнцæ цардæгас. Цийфæнди берæ æвзæгтæ ку ахур кæнæн, уæддæр нæхе мадтæлон æвзаг нæ зæрди, нæ зунди, нæ тогдадзинтти куд уарзонæй æрцæруй, уотæ еунæг æвзаги бон дæр нæй. Айдагъдæр мадтæлон æвзаги фæрци равдесæн нæ уодисконди, нæ гъудити хуæдхузтæ. Е хауй еугур дуйней адæмти æвзæгтæмæ. Мадта хуæнхæгтæмæ дæр нæййес кæсæн уæхæн цæстæй, цума æнæвзаг æнцæ. Иронхгæнгæ нæй, Хуцау сæ хуæдбарæ æвзæгтæй ке фæххайгин кодта, е. Еци мадтæлон æвзæгтæ алæмæти агъаз æнцæ хуæнхæгти ’хсæнмæ нæуæг гъудитæ хъæртун кæнунæн…»*

Нæкæси, Петр Николайи фурт Услари райгурдбæл 20 августи æнхæст кæнуй дæс æма дууæсæдæ анзи (1816-1875). Æма, махмæ гæсгæ, æ рохс ном цитгингæнæн мадзæлттæй æй æримисун æнгъезуй…

* * *

Уоййадæбæл бал фæууйнаг ан нæ абони дзубанди нæ мадтæлон æвзаги туххæй æма ’й идарддæр ба ма ракæнуйнаг дæн нæ газети хæстæгдæр номерти. Уотæ нæмæ кæсуй, æма уæхæн дзубанди æнæмæнгæ гъæуй. Еуемæй, уомæн æма мадтæлон æвзаги фæдбæл гъуддæгутæ æзмæнтгутæ æма хилкъахгутæ æгæр усхъæз кæнун байдæдтонцæ, æма етæ сæ еци миутæй цæйбæрцæбæл знаггадæ хæссунцæ, е гъæуама лæдæрд уа, уомæ гæсгæ ба син афойнадæбæл карз нихкъуæрд лæвæрд æрцæуа, цæмæй нæхе багъæуай кæнæн нæ медастæу æнæгъæугæ, æведауцæ хабæрттæй. Иннемæй ба, цæмæй нин нæ еци рæстадæ фæндæ бантæса, уомæ гæсгæ ба гъæуама бæрнондæр разиннæн æма лæмбунæг æркæсæн, мæнæ æхсæнадон æрдзубандимæ ци закъони проект хаст æрцудæй, уомæ, цæмæй еци закъон федаргонд æрцæуа, цардгъон кутемæй исуодзæнæй, еци хузи. Кæронбæттæни ба ма уой дæр зæгъуйнаг ан, æма нæмæ сумах дæр, нæ газеткæсгутæ, финсетæ уæ зæгъуйнæгтæ. Гъæугæ гъуддаг æмунаффæй арæзт цæуй...

***Æрмæг бацæттæ кодта***
***САКЪИТИ Эльбрус***

*Иосиф СТАЛИН о взятках и взяточниках: «Когда ловят шпиона или изменника, негодование публики не знает границ, она требует расстрела. А когда вор орудует на глазах у всех, расхищая государственное добро, окружающая публика ограничивается добродушными смешками и похлопыванием по плечу. Между тем ясно, что вор, расхищающий народное добро и подкапывающийся под интересы народного хозяйства, есть тот же шпион и предатель,*

**ГЛАС НАРОДНЫЙ: «В ОЧЕРЕДНОЙ РАЗ В СХВАТКЕ ВЛАСТИ И ПРЕСТУПНОСТИ В ОЧЕРЕДНОЙ РАЗ ПОБЕДИЛА ДРУЖБА...»**



**Укоренившиеся мифы о советской эпохе – будто репрессии были направлены исключительно против политических оппонентов Сталина, будто в СССР не было взяточников, экономических преступлений, требующих от государства суровой непримиримости – разрушает вышедшая не так давно книга «Как Сталин победил коррупцию». Ее автор Николай НАД (Добрюха) обнародовал интересные факты, документы, предложив свою интерпретацию прошлого. Материалы из книги широко использовались в средствах массовой информации, в том числе и «Литературной газете», откуда и перепечатываем предлагаемый вашему вниманию материал.**




# КАК ПОБЕДИТЬ КОРРУПЦИЮ

## Что мы знаем об организованной преступности 20–50-х годов?

Подтверждением того, что коррупция «портила общество» даже на заре социализма (когда, как говорилось, был всеобщий революционный подъем и беззаветная преданность общему делу подавляющей части населения молодой Советской республики), может служить, например, следующее обращение властей 6 декабря 1921 г. к работникам железных дорог (привожу в сокращении):

«Граждане! Железнодорожники!

Вечное позорище царской России – система откупа, лихоимства и взяточничества – свила себе прочное гнездо в наиболее чувствительной области нашего хозяйственного организма – в железнодорожном хозяйстве. Взятка на железных дорогах стала явлением столь «нормальным», что у многих товарищей железнодорожников притупилась чувствительность.

На железных дорогах все возможно купить и продать за определенную мзду, которая умелыми подлыми руками развратителя пропорционально распределяется между стрелочниками и высшими рангами. Спекулянты массами за взятку заполняют протекционные вагоны, прорезают в них Россию вдоль и поперек и обволакивают молодую Советскую республику своей паучьей сетью. Все находится в прямой зависимости от взятки.

Бедствия, причиняемые этим злом государству, неисчислимы и кошмарны по своим последствиям. Взяточничество на железных дорогах должно быть и будет искоренено.

Где бы негодяй ни сидел: в кабинете ли за зеленым столом или в сторожевой будке, он будет извлечен и предстанет перед судом Революционного трибунала, карающий молот которого опустится на него со всей сокрушительной мощью и гневом, на которые он способен, так как нет пощады смертельным врагам нашего возрождения. Никакие обстоятельства не будут учитываться при вынесении приговора взяточнику. Самая суровая кара ждет его.

Вместе с тем Советская власть призывает всех честных граждан, в ком живо гнетущее сознание несмываемого позора и разлагающего влияния взяток, прийти на помощь для обнаружения и извлечения негодяев-взяточников.

Будьте зорки и бдительны! Пролетарские руки не должны и не могут быть замараны взятками!» <…>

Сталин победил коррупцию. Свести ее на нет, как и проституцию, нельзя, но добиться того, чтобы коррупция не играла решающую роль, можно! Именно это и удивительно быстро сделал Сталин, и причем дважды: первый раз – на закате НЭПа, второй раз – после войны, когда в условиях создавшегося из-за военной разрухи сплошного дефицита бразды правления жизнью начала брать в руки всякая преступность, любящая поживиться за чужой счет <…>

Кто боготворит Сталина и говорит, что при Сталине не было коррупции, взяток и воровства, говорит неправду. Просто говорящий это не располагает архивными данными, чтобы знать, как было тогда в действительности. <…>

Ныне годами можно цивилизованно, но тщетно добиваться выдачи «отечественных преступников» из за границы. В былые же годы (как свидетельствовали мне председатели КГБ Семичастный и Крючков) все было «весомо, грубо, зримо»: если приговоренных советским судом и оказавшихся за рубежом граждан заграница не выдавала – за кордон направлялись специальные группы захвата, которым поручалось доставить преступника на Родину живым, а в случае невозможности сделать это – уничтожить! И не было на Земле места, где от такой карающей руки Закона можно было бы скрыться! (Пример с ликвидацией Троцкого далеко не единственный, хотя, пожалуй, самый известный.) Разумеется, о гуманном обращении с осужденным в ходе такой доставки никто не думал. Как рассказывал мне причастный к такого рода операциям генерал КГБ Михаил Докучаев, невозможно было обеспечить подобным «пассажирам» необходимые удобства, если приходилось возвращать их на «родную землю» насильно, скажем, из Австралии в мешке, да еще в корабельном трюме с углем. <…>

Основательно ошибается тот, кто думает, что Сталин победил коррупцию потому, что «просто перестрелял» коррупционеров. Ошибается хотя бы по той причине, что в самый разгар борьбы с послевоенной коррупцией (26 мая 1947 г.) Сталин отменил смертную казнь… Коррупция была побеждена системой мер, которые отличали всесторонняя и массовая активность, постоянство и гласность их проведения. Но, что особенно важно, эти беспощадные меры касались всех, невзирая на лица. <…>

### «ЛЕНИНГРАДСКОЕ ДЕЛО»

Сталин начал «затягивать гайки» после Великой Отечественной. Да это и не новость для мировой истории, что после разрушительных войн везде и во все времена восстановление страны начинается с укрепления власти, чтобы остановить произошедшие за годы войны разлад и распад системы управления хозяй ством и обществом.

«Ленинградское дело» – дело о кумовстве в руководящих органах партии и государства, что было прямым путем к зарождению и расцвету коррупции, вершиной которой является злоупотребление служебным положением в личных интересах, начинающееся привилегиями и льготами, а кончающееся взятками и превращением государственного кармана в свой собственный…

Нет, я не ошибся, «Ленинградское дело» на самом деле – дело о коррупции прежде всего в руководящей среде сверху донизу… Поначалу, как и все, я этого не знал и не понимал, но теперь, ознакомившись с рядом партийных документов, прихожу к выводу, что чисто политические обвинения, быть может, и сфабрикованы, но вот коррупционная сторона дела точно имела место! Во всяком случае, совершенные обвиняемыми действия явно создавали условия для коррупции. <…>

«Ленинградское дело» началось с Постановления Политбюро 15 февраля 1949 г. в связи с безответственной самодеятельностью, предпринятой для проведения Всесоюзной оптовой ярмарки в Ленинграде (с 10 по 20 января 1949 г.). Толком ничего не было просчитано, и вместо распродажи товаров произошла их порча и… убыток на 4 мил лиарда рублей. И это в условиях страшного послевоенного промтоварного и продовольственного голода. Плюс ко всему выявилось растранжиривание значительных командиро вочных средств на поездку в Северную столицу руководителей со всей страны. Проще говоря, многие поехали просто «оторваться от дел» и гульнуть на широкую ногу…

В Постановлении отмечалось: «На основании проведенной проверки установлено, что председатель Совета Министров РСФСР тов. Родионов М.И. вместе с ленинградскими руководящими товарищами при содей ствии члена ЦК ВКП(б) тов. Кузнецова А.А. самовольно и незаконно организовал Всесоюзную оптовую ярмарку с приглашением к участию в ней торговых организаций краев и областей РСФСР, включая и самых отдаленных, вплоть до Сахалинской области, а также представителей торговых организаций всех союзных республик. На ярмарке были предъявлены к продаже товары на сумму около 9 млрд. рублей, включая товары, которые распределяются союзным правительством по общегосударственному плану, что привело к разбазариванию государственных товарных фондов и к ущемлению интересов ряда краев, областей и республик. (А это коррупция…и еще какая! – НАД.) Кроме того, проведение ярмарки нанесло ущерб государству в связи с большими и неоправданными затратами государственных средств на организацию ярмарки и на переезд участников ее из отдаленных местностей в Ленинград и обратно. (И это тоже коррупция! – НАД.)

Политбюро ЦК ВКП(б) считает главными виновниками указанного антигосударственного действия кандидатов в члены ЦК ВКП(б) т.т. Родионова и Попкова и члена ЦК ВКП(б) т. Кузнецова А.А., которые нарушили элементарные основы государственной и партийной дисциплины…

Политбюро считает, что отмеченные выше противогосударственные действия явились следствием того, что у т.т. Кузнецова А.А., Родионова, Попкова имеется нездоровый уклон, выражающийся в заигрывании с ленинградской организацией, в попытках представить себя в качестве особых защитников интересов Ленинграда, в попытках создать средостение (то есть препятствие, мешающее непосредственным отношениям. – НАД.) между ЦК и ленинградской организацией…

В этом свете следует рассматривать став шее только теперь известным ЦК от т. Вознесенского предложение «шефствовать» над Ленинградом, с которым обратился в 1948 го ду т. Попков к т. Вознесенскому Н.А., а также неправильное поведение т. Попкова, когда он связи ленинградской партийной органи зации с ЦК ВКП(б) пытается подменить личными связями с так называемым «шефом» т. Кузнецовым А.А.

Политбюро считает, что такие методы являются выражением групповщины…» <…>

Кузнецов, используя должность начальника ЦК по кадрам, расставлял «своих людей» – «ленинградцев» на высокие посты по всей стране. Это объясняет тот факт, что ре-

**День загадывания желаний отмечается 28 июля. Загадайте желания и пусть они у вас сбудутся в наилучшем исполнении!**

прессии в связи с «Ленинградским делом» не ограничились Ленинградом, а прокатились по всему Союзу. Коррупцию вырубали тогда под корень, во избежание метастазов, прихватывая нередко и незараженные еще места, то есть оказавшихся рядом. Правда, это уже был перехлест местных деятелей по принципу «как бы чего не вышло», а то и обычное сведение счетов. Однако за все это потом тоже приходилось отвечать! <…>

Обратите внимание! Все эти разбирательства по «Ленинградскому делу» происходили в сугубо общественном порядке и не касались той части «дела», которую завели через полгода органы, начав уголовное следствие за поползновения политического характера, имевшие целью создание новой партии (РКП) и оформление на этой основе РСФСР в… так сказать, полноценную республику. То есть «ленинградцев» судили за те политические планы, которые предполагали в конечном счете то, что сделал Ельцин в 80–90-е гг., а именно: объявив Россию независимой в составе СССР, Ельцин тем самым разрушил Советский Союз и, стало быть, совершил деяние, которое должно было преследоваться по статье «Измена Родине», путем разрушения конституционных основ СССР, выразившееся в смене или свержении общественного строя.

Помимо коррупционной составляющей «Ленинградского дела», выявленного на самом высоком партийном и государственном уровне, в те же годы была раскрыта целая серия «дел» хозяйственного порядка в сфере действия министерств, главков и предприятий, непосредственно производящих продукцию повышенного и повседневного спроса. Это прежде всего «Хлебное дело», «Ткацкое дело», «Винное дело», «Музыкальное дело» и «Денежное дело», имевшие чисто коррупционный характер в масштабах всей страны. Главным героем этих «дел», вскрывшим служебные махинации паразитических элементов, стал знаменитый советский сыщик Федор Семенович Невзоров…

## ДЕЛО «НАХЛЕБНИКОВ»

Выявление «паразитов», поистине высасывавших из народа оставшиеся соки, началось с изучения Невзоровым документов, согласно которым в течение 1945 г. Совнарком СССР выделял хлебопекарной промышленности муку, сахар, сгущенное молоко, сливочное масло, сахарин, изюм, джем, мясные консервы и другие продукты особой важности, чтобы поскорее восстановить в ослабленных за годы войны людях необходимый набор витаминов.

Инкубатором и разносчиком коррупции в пищевой промышленности России стала распределительная система «Росглавхлеб» во главе с начальником отдела снабжения Михаилом Исаевым. В разветвленную сеть его преступной группы (кроме зама начальника отдела Шулькина Б.Н., главбуха отдела Розенбаума Д.А. и директора Московской межобластной базы Главка Бухмана Э.М.) входили должностные лица из плохо контролируемых трестов Алтая и Татарстана, а также Архангельской, Брянской, Ивановской, Московской, Оренбургской и Ростовской областей. Всего было не менее 20 человек…

Внимание Невзорова и его товарищей по спецслужбам привлекли хорошенькие молодые женщины, которых разожравшиеся исаевские красавцы меняли как перчатки. Еще бы: когда одних качало от голода, у этих в ресторанах и на дачах столы ломились от блюд и выпивки, что позволяло устраивать чуть ли не конкурсный отбор среди слабого пола. Дошло до того, что жена Исаева узнала про дачные «хоровые оргии» мужа и… повесилась. Исаев же и его компаньоны по легкой жизни, чтобы скрыть истинные причины смерти, похоронили ее как скончавшуюся от внезапного сердечного приступа… <…>

Преступной группой Исаева за период с 14 апреля 1945 г. по 1946 г. включитель но было похищено: сахара – 1670 кг, муки – 8500 кг, сахарина – 670 кг, изюма – 310 кг, сливочного масла – 414 кг, сгущенного молока – 1553 банки, джема и повидла – 2605 кг и т.д., всего по розничным ценам (согласно Приказу Министерства торговли СССР № 550 от 14.12.1947 г.) – на сумму 1 139 230 руб. 18 коп.

Московский городской суд 31 мая 1949 г. приговорил: Исаева и Розенбаума – к 25 годам лишения свободы каждого с последующим поражением в избирательных правах на 5 лет; их соучастников: Курочкина-Саводерова – к 15 годам лишения свободы; Меламеда, Спевака и Цанина – к 10 годам лишения свободы; Бухмана, Лейдермана, Фролова и других – также к длительным срокам лишения свободы; всех – с полной конфискацией имущества их родных. Таким образом, ущерб, нанесенный преступниками государству, был возмещен полностью. О подобных результатах сегодня не приходится даже мечтать…



Вот такими огромными стопками уголовных дел оборачивались коррупционные преступления.

## ДЕЛО «ТКАЧЕЙ»

В те первые страшные послевоенные годы спать было не на чем, рубашку сшить было не из чего… Фабрики были разрушены, так что самой простой материи не хватало. И это тоже явилось полем для возникновения и распространения коррупции. Так, на спецодежду (халаты, фартуки, чепчики, косынки) и прочие принадлежности производственного назначения, необходимые работникам хлебопекарной, кондитерской, консервной и других отраслей пищевой промышленности, из чрезвычайно скудных запасов государство начало выделять бельевые ткани. Ткани направлялись в распоряжение начальника отдела Московской межобластной конторы Тавшунского. <…>

Чтобы дело закрутилось, наделенный властью проходимец связался с артелью портных. И колеса швейных машин завертелись, выпуская все в укороченном и урезанном виде, да к тому же преимущественно небольших размеров. Дескать, халаты на отощавших за войну работниках и работницах и так сойдутся… Однако сколько ниточка ни вилась, а конец ее нашли достаточно быстро.

Итог: все жулики получили по заслугам так, что их родственники по сей день проклинают Сталина… Таких «тавшунских» сажали тогда безжалостно, а тем временем фабрики восстанавливались, хороших и разных тканей становилось много, и жизнь налаживалась – без коррупции!

## ДЕЛО «ВИНОДЕЛОВ»

В начале 1951 г. в гостиницах и ресторанах столицы спецслужбы стали замечать небывалый наплыв гостей с юга. Особенно потянулись к Москве грузины. И все они буквально сорили деньгами, устраивая нехарактерные для тех лет кутежи с подключением безотказных женщин. Стали наблюдать, где эти любящие жить на широкую ногу граждане бывают между загулами в ресторанах. И были очень поражены, когда выяснилось, что все дороги из всех ресторанов ведут в одно и то же место – в Управление Министерства пищевой промышленности СССР под вывеской «Главвино», а в нем – в кабинет заместителя начальника этого управления по фамилии Мирзоянц. <…>

Грузию начали чистить настолько основательно, что, если бы не преждевременная смерть, Сталин наверняка привел бы ее в порядок как следует. Впрочем, и после того, что там успели сделать, до сих пор раздаются возмущенные голоса недобросовестных или просто несведущих людей: дескать, за что Сталин отправлял «цвет грузинской нации» целыми вагонами в Сибирь и другие малопригодные для легкой жизни места?! <…>

Стоило обнаружить несколько звеньев, чтобы начала рушиться вся преступная цепь. Так вывели на чистую воду виноделов Москвы, Молдавии, Узбекистана, Украины, Армении, Массандры, Абрау-Дюрсо и многих других «сладких мест». <…>

У коррупционеров были изъяты деньги и ценности на сумму свыше 10 миллионов рублей.

## ДЕЛО О «ДЕНЕЖНЫХ ЧУЛКАХ»

За время войны денежная масса в обращении резко увеличилась, деньги обесценились, цены выросли. Дело было не только в проводившихся Госбанком денежных эмиссиях, но и в том, что на оккупированной территории распространялись фальшивые рубли, выпущенные немцами.

Реформа по изъятию лишних денег была проведена в 1947 г. <…> С 14 декабря сберкассам (на время обмена) запрещалось принимать вклады от населения. Новые дензнаки обменивались на старые с ограничением: из расчета один новый рубль за 10 старых (находящихся на руках), с тем чтобы изъять из обращения 90% наличной денежной массы. Вклады в сберкассах обменивались «на более льготных условиях, чем обмен наличных денег»: суммы до 3 тыс. руб. – 1:1, от 3 до 10 тыс. – 3:2, свыше 10 тыс. – 2:1. Облигации госзаймов обменивались в соотношении 3:1. <…>

Естественно, за этот государственный шаг разного рода дельцы не могли не возненавидеть Сталина. <…>

Что касается купли-продажи драгоценностей, то она приравнивалась к сделкам с валютой и расценивалась как подрыв экономических основ государства. Иначе говоря, мало кому из проходимцев удалось избежать освоения Сибири и районов Дальнего Севера!

Здесь, однако, я должен развеять ложные представления о том, что главные стройки тех лет являются плодом рук заключенных. По данным одного из руководителей антисталинского центра «Мемориал» Никиты Петрова, даже в «лучшие годы» хозяйственная деятельность лагерей составляла порядка 8,5% от общего объема капитальных работ в промышленности СССР – то есть главная нагрузка по выведению России на передовые мировые позиции ложилась все-таки на плечи законопослушных советских граждан! <…>

Кроме перечисленных, были и другие громкие антикоррупционные дела, например: «Табачное дело» (1944 г.), «Консервное дело» (1947 г.), «Парфюмерное дело» (1949 г.)… Как свидетельствуют все эти антикоррупционные дела во всех важных сферах жизни страны, это была не кампания, не одноразовая акция борьбы «для галочки» или для саморекламы, а многолетнее повседневное и повсеместное упорное сражение с коррупцией до победного конца по всем направлениям. <…>

Последний сталинский съезд при активном участии самого Сталина прямо и открыто объявил направления и способы решительной борьбы с этими новыми формами заразной партийно-государственной болезни, порожденными качественно новым уровнем развития общества и его потребностей. Вот свидетельство сказанному из «Отчетного доклада XIX съезду партии о работе Центрального Комитета ВКП(б)»:

«Появилось немало работников, которые забывают, что порученные их попечению и руководству предприятия являются государственными , и стараются превратить их в свою вотчину…

Основной недостаток заключается в том, что некоторые руководители подбирают кадры не по политическим и деловым признакам, а по-семейному, по-приятельски, по землячеству. Нередко работников, честных и знающих дело, но острых и нетерпимо относящихся к недостаткам и потому причиняющих беспокойство руководству, выживают под разными предлогами и заменяют людьми, имеющими сомнительную ценность либо вовсе непригодными для дела, но зато удобными и угодными для некоторых руководителей. Вследствие таких извращений линии партии в подборе и выдвижении кадров в некоторых организациях складывается семейка своих людей, связанных круговой порукой, ставящих групповые интересы выше партийных и государственных. Немудрено, что такая обстановка ведет обычно к разложению и загниванию. Так было, например, в ульяновской партийной организации, где часть хозяйственных, советских и партийных работников из руководящей верхушки областной организации морально разложилась, встала на путь казнокрадства, растаскивания и разворовывания государственного добра».

Осуществить эти решительные меры Сталину оказалось не суждено…

***«Литературная газета» № 21 от 1-7 июня 2016 г.***

***Фото из открытых источников***

**Два, по-своему знаменательных дня отмечаются 30 июля – Международный день дружбы и Всемирный день борьбы с торговлей людьми.**

*То, что медуза выжила 650 лет без мозгов, дает надежду многим.*

☺ ☺ ☺

*Разбилась рюмка – к счастью. Разбилось счастье – к рюмке...*

☺ ☺ ☺

*Мозги – не брови... Если их нет – не нарисуешь...*

☺ ☺ ☺

*Искала мужа, обзвонила всех его друзей. Вот это дружба!.. У всех он ночевал, у семерых еще спит...*

## ФÆРАЗОН ÆМА РÆСТЗÆРДÆ УНИ ФÆРЦИ АДÆЙМАГ РÆСТВÆНДАГ КÆНУЙ!..



# ДÆХУÆДÆГ ДÆ СÆРБÆЛ КУ НÆ ИСДЗОРАЙ...

Алли адæймаг дæр, æ цардвæндагбæл ранæхстæр уогæй, æхецæн цидæр бæлдитæ æма фæндитæ куд нæ иснисан кæнуй!.. Æхуæдæг сæ æхецæн ке исаккаг кæнуй, уомæ гæсгæ ин, гъай-гъайдæр, зæрдæмæдзæугæ фæуунцæ.

Фал адæймагæн æ бæлдитæ æма фæндитæ цæмæй бантæсонцæ, уомæн ба имæ гъæуама хъаурæ æма арæхстдзийнадæ разинна. Æма уомæ цæйбæрцæбæл исарæхсдзæнæ, уой исбæлвурд кæнунæн ба дин, нæ зæрдæ дарæн, еуцæйбæрцæдæр фæййагъаз уодзæнæнцæ, мæнæ абони ке мухур кæнæн, еци фарстатæ дæр.

**1. Дæ хецауæн дæ сагъæссаг гъудитæ ку æргом кæнай, е ба дæмæ æнæбари ку игъоса, уæд куд бакæнисæ?**

а) Ракоринæ си, цæмæй нæ дзубанди фæстæдæрмæ рахæссæн – 2 балли

б) Мæ зæрдиуагæ фехалдæй – 1 балл

в) Нæуæгæй архайдзæнæн, цæмæй мæ балæдæра – 3 балли

**2. Тукангæс кæмæндæр е ’лхæнуйнаги аргъ фæййасландæр кодта, дæуæн ба нæ, уой ку балæдæрай, уæд...**

а) Архайдзæнæн, цæмæй мæнæн дæр аргъæй рагæлдза – 1 балл

б) Нæбал æй балхæндзæнæн – 2 балли

в) Мæхе нециуинæг искæндзæнæн – 3 балли

**3. Дæ зонгæ кизгæ ди коруй, цæмæй дæ гъуддæгутæ ниууадзай æма æ хæццæ фембæлай радзубанди кæнунмæ.**

а) Фембæлдзæнæн æвæндонæй – 2 балли

б) Цийнæгæнгæй фембæлдзæнæн – 3 балли

в) Нæ фембæлдзæнæн – 1 балл

**4. Ци куст дæмæ зиндæр кæсуй?**

а) Лæггадæ кæнун – 3 балли

б) Ахурадон куст кæнун – 1 балл

в) Гъуддагарæзти къабази косун – 2 балли

**5. Адæймагбæл бауæндун æнгъезуй, уой кутемæй рахатдзæнæ?**

а) Байархайдзæнæн хуарз æй бафæсмæрунбæл – 2 балли

б) Бавзардзæнæн, цæмæй æй балæдæрон – 3 балли

в) Æнæзонгæ адæймагбæл нæ бауæнддзæнæн – 1 балл

**6. Де ’мбали киномæ фæццæун фæндуй, дæу ба – театрмæ.**

а) Æ хæццæ исарази уодзæнæн – 3 балли

б) Иннæ хатмæ ин зæрдæ байвæрдзæнæн – 2 балли

в) Театр равзардзæнæн – 1 балл

### ХАТДЗÆГТÆ ИСКÆНÆ

Ци дзуæппитæ равзурстай, уонæмæ гæсгæ цал балли æрæмбурд кодтай, уони бæрцæ æвдесуй дæ уодиконди уавæр.

**6-9 балли.** Цæмæй дæ нисан дæ къохи бафтуйа, уой туххæй алцæбæл дæр арази дæ. Фал комкоммæ дзубандийæй исаразуйнаг ци гъуддаг дæ, уой иннетæ ба нимайунцæ хевастдзийнадæбæл.

**10-14 балли.** Еумæйаг æвзаг иссерун кенæ адæймаги балæдæрун дæумæ устур дамугъатæй финст æнцæ. Дæ бон æй, еугурей зæрдæмæ дæр ка фæццæуа, уæхæн гæнæнтæ иссерун. Идарддæр дæр уотæ уо!

**16-18 балли.** Еумæйаг фæндæмæ æрцæуни бæсти дæхе састи бунати дæр ниввæрдзæнæ. Бустæги гъомæлгъæбæл нимад цæмæй ма ’рцæуай, уой туххæй ба архайæ дæ фæндæ тæрунбæл.

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма æ царди медæгæ æхецæн дæр æма иннетæн дæр хуарз фæуунбæл ка архайуй, етæ рæствæндаг æма æнтæстгин уæнтæ. Уæхæн адæймæгутæй цард рæсугъддæр æма фæрнæйдзагдæр кæнуй.

## АДÆЙМАГ ДЕССАГÆЙ БА ЦИ НÆ ФЕГЪОСДЗÆНÆЙ...

### ÆНАМОНД

Индонезий провинци Ачехи цæрæг, ахургæнæг ралигъдæй ахæстдонæй, фал бабæй си нуртæккæ нæуæгæй бадуй. Кутемæй бахаудтæй?

Ахæстдонæй ку ралигъдæй, уæд æхе гъавта джунглий баримæхсун. Куддæр талингæ гъæдæмæ байервазтæй, уотæ, е ’намондæн, æ тæккæ размæ фæцæй æстонг тигр. Æвеппайди æ сæри фæммедæг æй фæййервæзуни гъуди – бæласæмæ. Æма уайтæккæ февзурдæй бæрзонд къалеубæл. Бадуй уоми. Кæсуй дæлæмæ. Фал тигр æ бунатæй не ’змæлуй. Бадуй е дæр æма хæрдмæ кæсуй. Уотæ лæг æма сирд кæрæдземæ фæккастæнцæ дууæ сутки.

Сирд, æвæдзи, хъæбæр исæстонг æй æма фæрраст æй хуæруйнаг агорунмæ. Ахæстдонæй раледзæг, æ къæхтæ зæнхæбæл нæбал цудæнцæ, уотемæй рафардæг æй хæстæгдæр гъæуи ’рдæмæ. Еу хæдзарæмæ бахъæрттæй æма дуар ниххуаста. Ракастæй имæ … пъæлицаг. Е æ фæллад уагъта æхе хæдзари. Базудта «иуазæги» къарæмæ гæсгæ, æма бабæй æнамонд лæг фæстæмæ ахæстдони исмедæг æй…



### ХУССÆГИ ХУАСÆ

Еу америкаг рауагъта одеколон – хуссæги хуасæ. Хуссæг дæ ку нæ ахæсса, уæд авги сæр байгон кæнæ, дæ рази æй æрæвæрæ. Æ хурфи накæ кæнуй хурст хуасæ. Адæймаг уайтæккæ рафунæй уй.

### Æ СУЙНИ САСТ ФÆРРÆСТМÆ ÆЙ

Америкаг штат Мэни цæрæг Эдвин Робинсон, хуæдтолги цæугæй, фидбилизи ку бахаудтæй, уæд нæдæр игъосгæ нæбал кодта, нæдæр ба уингæ. Нур ба уинун дæр райдæдта æма игъосун дæр – æ хæдзари рази рацо-бацо кæнгæй æй арв ку æрцавта, уæд уой фæсте.

Еци хабарбæл уæлдай хъæбæрдæр бацийнæ кодтонцæ лæгунсæртæ: арвдзæф Робинсони сæрбæл ма дзиккотæ дæр ирæзун райдæдтонцæ.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1 Игъустгонд англисаг тунуафæг Джеймс Харгривс (1720-1778), ци æлвесæн косæндзаумау æргъуди кодта, уой куд исхудта?**

а) «Джесси». б) «Сьюзи». в) «Мелани». г) «Дженни».

**2 Нуртæккæ нæ гъæунгти хъæбæр ка исахид æй, еци хуæддзæуæн (самокат) фиццагидæр ка ’ргъуди кодта, е нерæнгæ дæр ма дзурдтаг æй. Фал бæлвурд ба æй, куд æй исхудтонцæ, е. Циуавæр номæй?**

а) «Цæлхитæбæл ласæн». б) «Дуцалхуг æмбал». в) «Догъ кæнунæн хуæдтолгæ». г) «Тагъддзæуæн аппарат».

**3 Дзурд «робот» фиццагидæр ке уадзимиси фæззиндтæй, еци финсæг адтæй…**

а) Айзек Азимов. б) Карел Чапек. в) Рэй Брэдбери. г). Жюль Верн.

**4 Дуйней циуавæр сахæттæ нæййес?**

а) Донгин. б) Сирниккин. в) Зменсæгин. г) Мудадзин цирагъæйгонд.

**5 Трамвайи размæ циуавæр адæмласæн транспорт адтæй?**

а) Хуæдцæугæ. б) Омнибус. в) Дилижанс. г) Конкæ.

**6 Фиццагидæр хузгин къарæ кæци анзи адтæй?**

а) 1861. б) 1895. в) 1904. г) 1919.

**7 Радио æргъуди кæнуни гъуддагмæ кæци ахургæндтæй ка неци барæ даруй?**

а) Нильс Бор. б) Никола Тесла. в) Томас Алва Эдисон. г). Александр Попов.

**8 Хуæдтæхгути фиццагидæр стюардесситæй косун ка байдæдта, етæ циуавæр ихæс æнхæст кæнунæй ихæсгин нæ адтæнцæ?**

а) Хуæдтæхæги артаг æвгæнун. б) Багаж хæссун. в) Пассажирти хуæруйнагæй хинцун. г) Биндзитæ марун.

**9 Караокей (электрон фæрæзнити фæрци зарун) æнгæс мадзал æргъуди кодтонцæ…**

а) Тайланди. б) Вьетнами. в)Японий. г) Китайии.

**Аци фарстатæн раст дзуæппитæ кæсетæ нæ газети иннæ номери. Нур ба уæ зонгæ кæнæн нæ газети 27-аг номери мухургонд фарстатæбæл раст дзуæппити хæццæ.**

1. Голландийаг – денгизи, немуцаг ба – сорзæнхæбæл. 2. Голландийаг хъæнделтæн. 3. Цидæр алæмæти салати рецепт рафинсунæн. 4. Персайнæгтæмæ базартæ уогæ дæр нæ адтæй – уомæн æма уæхæн рауæнти уæйæгæнгути персайнæгтæ фæливдтитæбæл нимадтонцæ. 5. Кока-кола. Сæ фиццаг сувæллони дзиуарæфтауæни фæдбæл мадзали. 7. Цæфсгæ сæнæ. 8. Карки басæ.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**E-mail:** gazeta.digora@kpmk.alania.gov.ru

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **350.** Заказ **№ 1565.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 24.07.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 24.07.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**